

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan toponimi lembur di Kacamatan Rancakalong miboga tujuan pikeun maluruh asal-usul ngaran, pola ngaran toponimi, jeung aspék toponimi lembur nu aya di Kacamatan Rancakalong. Satuluyna data ngaran lembur diguar maké tiori toponimi Dédé Kosasih anu ngawincik pola ngaran toponimi jadi pola liniér jeung barung. Lian ti éta ogé ngabagi aspék toponimi jadi aspék fisik jeung non-fisik. Aspék fisikalna diwangun ku unsur hidrologis, geomorfologis, jeung biologi (flora-fauna), sedengkeun aspék non-fisik diwangun ku unsur sosial jeung unsur kultural. Enggoning nyalusur data, dipaké téhnik triangulasi Sugiyono jeung métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif métode déskriptif analisis.

Sacara asal-usul, kapaluruh euyebna unsur nu ngasangkutan ngajanggélékna ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong. Demi saupama ditataan nyaéta aya nu dumasar talajak lemah-cai jeung alam sabudeureunana, dumasar kaayaan sosial masarakatna, kapangaruhan ku objék anu aya tiheula, dumasar kana carita nu sumebar di masarakat, jeung dumasar uga ti karuhun baheulana. Lian ti éta ogé kapaluruh *fenomena* réhna sawatara ngaran lembur téh mangrupa ngaran anyar ku lantaran dirobah tina ngaran nu saacanna, kapaluruh ogé sawatara ngaran lembur anu robah sacara *pelafalan*, turta kapaluruh sawatara ngaran lembur masih kénéh dipikanyaho saha subjék atawa *individu* anu méré ngaranna.

Pola ngaran anu dipaké dina ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong didominasi ku pola ngaran barung nyaéta aya 49 ngaran, sedengkeun pola liniérna kasampak aya 11 ngaran.

Sacara aspék toponimi dina ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong, kapaluruh aya 38 ngaran lembur anu kaasup kana aspék fisik. Di jerona diwangun ku 24 ngaran anu dumasar unsur *hidrologis*, 11 ngaran anu dumasar unsur *geomorfologis*, jeung 17 ngaran anu dumasar unsur *biologi*. Dina jihat aspék *non-fisik*, kapaluruh aya 38 ngaran lembur. Di jerona diwangun ku 26 unsur sosial kayaning tina *ekspektasi/harepan*, tempat *spesifik*, lembur,

wawangunan, *person(al)*, jeung pakakas. Lian ti éta, ngaran lembur anu diwangun tina unsur kultural nyaéta aya 13 ngaran, 12 dumasar carita rahayat, jeung salembur nu dumasar kana uga.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan toponimi lembur di Kacamatan Rancakalong, hasilna taya lian nyaéta pikeun ngeuyeuban deui panalungtikan dina wanda toponimi enggoning nambahan élmu jeung pangaweruh. Lian ti éta ogé minangka *inventaris* sangkan rupaning hal guareun anu nyangkaruk dina ngaran hususna ngaran tempat téh henteu leungit. Jauhna, bisa jadi tatapakan sarta cukang lantaran kahudangna kasadaran dina ngahirup-huripkeun kabudayaan hususna budaya Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan téh can sagemblengna *komprensif* hususna tina jihat *kuantitas objek*, ku kituna dipiharep aya deui panalungtikan satuluyna pikeun ngagulangkepeun objék panalungtikan hususna di wewengkon Kacamatan Rancakalong. Pikeun pihak nu patali jeung widang kabudayaan, ulikan ngeunaan toponimi téh mangrupa salasihiji garapan budaya anu euyeub ku ajén-inajén sarta guareun di jerona. Ku kituna diperlukeun pisan inventarisir, panalungtikan, sarta sosialisasi ngeunaan toponimi sangkan kahudang kasadaran yén enggoning ngamumulé jeung icikibung dina kabudayaan téh henteu ngan saukur dina kagiatan anu sipatna *ceremonial* wungkul. Laju jembarna pikeun masarakat, dipiharep bisa wawuh kana lemah sarakanna sorangan, contona toponimi minangka hal anu teu bisa leupas tina diri hiji *individu* anu jauhna mah sangkan teu nerap kana paribasa *jati kasilih ku junti*.